loolu dereti sidit la, waaye bàyyil julli ci limu bis yi ngay gis mbaax, topp nga sangu te julli

Jële nañu ci Aysatu ndayu jullit ñi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne Faatimata bintu Abii Jahsin dafa laaj Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: Man damay gis dereet ju yàqu te du ma set, ndax damay bàyyi julli? Mu ne ko: “Déedéet , loolu dereti sidit la, waaye bàyyil julli ci limu bis yi ngay gis mbaax, topp nga sangu te julli".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Faatimata bintu Jahsin laaj na Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: man daal deret ji du deñ ci man day wéy ba ci jamono yidul jamonoy mbaax, ndax àtteb loolu mooy àtteb mbaax ngir ma bàyyi julli? Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: loolu deret ju yàqu la, te mooy dereti feebar, day ame ci dogug sédit ci butiti njurukaay, waaye du dereti mbaax, Waxtu wa nga daan gis mbaax bu ñëwee ci weer wa nga aadawoo lu njëkk ngay am feebaru deret ju dul dog, na nga bàyyi julli ak yeneen yi ñuy tere ku gis mbaax ci jamonoy mbaax ga. Bu limub diir booba jeexee, kon laab nga ci mbaax ga, na nga raxas barabu deret ja, daal di raxas sa yaram ci sangu gu matale ngir yëkkati am toj, te nga julli.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3029